

Nivo Alèt yo pou COVID-19 ak Aksyon yo Rekòmande Pran nan NYC

Nivo Risk	Nivo Kominotè	Aksyon yo Rekòmande Moun yo Pran	Aksyon yo Rekòmande Gouvènman Pran
Wo Anpil Gen yon pwopagasyon kominotè COVID-19 ki wo anpil. Sèvis swen sante yo akable anba ka COVID-19.	Pwopagasyon COVID-19 wo onivo kominotè selon CDC* anplis plis pase 90% kabann pou swen egi yo okipe	<ul style="list-style-type: none"> • Rete ajou: pran vaksen ak piki rapèl. • Mete yon kachnen nan figi w lè w nan tout espas piblik ki anndan ak espas deyò ki gen foul moun yo. • Evite aktivite ki pa esansyèl yo ak espas ki gen foul moun yo, tankou manje anndan restoran yo. • Maksimize distans sosyal nan tout espas piblik yo, ki gen ladan espas travay yo. • Fè tès si w gen sentòm yo; ou te ekspoze; ou te vwayaje; ou te an kontak ak moun ki p ap viv nan menm kay avèk ou. • Rete lakay ou, sitou si w malad oswa ou te ekspoze. • Kenbe men ou yo pwòp. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kontinye pran mezi pou Nivo Wo yo. • Asire kote moun rasanble yo gen mwens moun ladan. • Konsidere mete restriksyon sou aktivite ki pa esansyèl yo (tankou manje anndan restoran), ofri travay a distans ak espas pou rete sou plas pou fonksyon ki esansyèl yo (tankou swen sante ak lekòl yo) ka kontinye fonksyone.
Wo Gen yon pwopagasyon kominotè COVID-19 ki wo. Anpil presyon sou sistèm swen sante a nan NYC.	Pwopagasyon COVID-19 wo onivo kominotè selon CDC	<ul style="list-style-type: none"> • Rete ajou: pran vaksen ak piki rapèl. • Mete yon kachnen nan figi w lè w nan tout espas piblik ki anndan ak espas deyò ki gen foul moun yo. • Konsidere evite aktivite ki gen anpil risk yo (tankou rasanbleman nan espas anndan ki gen foul moun). • Limite rasanbleman yo a yon ti gwoup. • Fè tès si ou gen sentòm yo oswa si ou te ekspoze, ou te vwayaje resaman, oswa ou te patisipe nan yon gran rasanbleman. • Rete lakay ou si w malad oswa si w te ekspoze resaman. • Kenbe men ou yo pwòp. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kontinye pran mezi pou Nivo Mwayen yo. • Ogmante kapasite pou fè tès ak bay vaksen nan kominote yo. • Asire gen ase kapasite pou bay vaksen, fè tès ak izole nan espas moun rasanble yo. • Egzije pou moun mete kachnen nan tou espas piblik yo ki anndan.

Nivo Risk	Nivo Kominotè	Aksyon yo Rekòmande Moun yo Pran	Aksyon yo Rekòmande Gouvènman Pran
<p>Mwayen</p> <p>Gen yon pwopagasyon kominotè COVID-19 ki mwayen.</p>	<p>Pwopagasyon COVID-19 mwayen onivo kominotè selon CDC</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Rete ajou: pran vaksen ak piki rapèl. • Mete yon kachnen nan espas piblik ki anndan yo kote ou pa konnen estati vaksinasyon lòt moun yo. • Fè tès si ou gen sentòm yo; ou te ekspoze; ou te vwayaje resaman; ou te patisipe nan yon gran rasanbleman. • Pran plis prekosyon si w pa vaksinen oswa si w gen plis risk akòz laj ou, pwoblèm sante ou deja genyen, oswa si w an kontak ak moun ki gen anpil risk. • Rete lakay ou si ou malad. • Kenbe men ou yo pwòp. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kontinye pran mezi pou Nivo Ba yo. <p>Konsidere:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Egzije mete kachnen yo nan espas ki gen anpil risk anplis yo kote gen foul moun epi yo pa kapab respekte distans sosyal, gen ladan: <ul style="list-style-type: none"> • Lekòl yo • Espas gadri yo • Esansyèl nan egzijans yo nan NYC si ka yo kontinye ap ogmante deplizanpli (pandan 2 semèn) oswa gen yon nouvel varyant enkyetant; gen ladan dòz rapèl yo ak gwoup laj ki pi jèn yo.
<p>Ba</p> <p>Gen yon pwopagasyon kominotè COVID-19 ki ba.</p>	<p>Pwopagasyon COVID-19 ba onivo kominotè selon CDC</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Rete ajou: pran vaksen ak piki rapèl. • Konsidere mete yon kachnen nan espas piblik ki anndan yo kote ou pa konnen estati vaksinasyon lòt moun yo. • Swiv tout gid yo pou izòlman ak karantèn, ki gen ladan mete yon kachnen. • Fè tès si ou gen sentòm yo; si ou te ekspoze; ou te vwayaje oswa te patisipe nan yon gwo rasanbleman — espesyalman si ou anba gwo risk (pa egzanp akòz laj ou oswa pwoblèm sante ki kache). • Rete lakay ou si ou malad. • Kenbe men ou yo pwòp. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kontinye mande pou anplwayè ak lekòl yo egzije pran vaksen an. • Egzije moun mete kachnen nan espas ki gen moun ki frajil yo ak moun yo pa verifye estati vaksinasyon yo, tankou: <ul style="list-style-type: none"> • Etablisman swen sante yo • Espas rasanbleman yo • Transpò piblik • Asire moun gen aksè a tès, vaksen, ak tretman. <p>Konsidere:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Egzije estati vaksinasyon ki ajou nan sèten espas si ka yo kontinye ap ogmante deplizanpli (pandan 2 semèn) oswa gen yon nouvel varyant enkyetant. • Egzije elèv K-12 yo pran vaksen an lè gen yon pwodui vaksen ki gen tout otorizasyon lisans li nèt.

Depatman Sante NYC a pral revize kad sa a chak twa (3) mwa epi nou ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

3.22.22

* Pou w jwenn endikatè yo ak nivo kominotè COVID-19 selon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a al sou cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/science/community-levels.html.